

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8 ÈM ANE

HAITIAN EDITION  
GRADE 8 SCIENCE  
INTERMEDIATE LEVEL  
WRITTEN TEST

## NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS

## EGZAMEN EKRI

JEN 2002

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Egzamen sa a la pou li evalye konesans ou an syans. Egzamen sa a gen de (2) pati.  
Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Premye pati a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye  
apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm pati a gen 25 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou dezyèm pati a nan  
espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**



## Premye pati

### ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan premye pati egzamen an. Chak kesyon gen kat chwa anba li ki gen chif 1 a 4 devan yo. Li chak kesyon avèk atansyon. Deside ki chwa ki vrè repons lan. Sou fèy repons apa a, make repons ou yo nan ranje ti sèk yo pou chak kesyon. Pou w fè sa, w ap nwasi chak ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a.

Li egzanp ki la a:

#### Egzanp

Latè resevwa pifò pati nan limyè l nan

- (1) etwal yo
- (2) solèy la
- (3) lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **solèy la**, epi se chwa nimewo **2**. Nan fèy repons ou a chèche jwenn ranje ti sèk ki bay repons pou echantiyon kesyon sa a. Piske chwa nimewo **de** (2) a se repons ki kòrèk la pou echantiyon kesyon an. Ti sèk nimewo **de** (2) a, se li pou w nwasi.

Reponn tout kesyon nan premye pati menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.

Ou kab sèvi ak yon kalkilatris, si w ta bezwen youn.


Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan premye pati a.

Lè w ta fini premye pati a, al nan dezyèm pati a toudwat.

## Premye pati

*Esplikasyon (1–45):* Deside ki chwa ki vrè repons lan dapre prensip syans yo. Nan seksyon A a ki nan yon fèy repons apa, make repons ou nan ranje ti sèk yo pou chak kesyon. Pou w fè sa, w ap nwasi chak ti sèk ki gen menm *nimewo* ak repons ou chwazi a.

1 Dyagram sa a montre yon selil vejetal ak yon selil animal.



Ki sa ou kapab konkli sou dyagram sa a?

- (1) Selil vejetal ak selil animal yo aji youn ak lòt pou fòme lòt òganis.
- (2) Selil vejetal ak selil animal yo sanble nan fason yo gwosi.
- (3) Selil animal yo bezwen oksijèn pou pwodui enèji yo konsève nan manje alòske selil vejetal yo pa fè sa.
- (4) Gen selil lan nè nan selil vejetal ak selil animal yo.

2 Yo klase òganis yo kòm ensèk dapre

- (1) metòd repwodiksyon yo
- (2) estrikti entèn ak estrikti ekstèn yo
- (3) milye natirèl yo
- (4) jan yo kominike youn ak lòt

3 Ki pwosesis ki sèvi ak oksijèn pou fè manje tounen enèji?

- (1) fotosentèz
- (2) respirasyon
- (3) dijasyon
- (4) repwodiksyon

4 Ren yo ki elimine nan san an dechè ki fonn yo se ògàn:

- (1) sistèm andokrin nan
- (2) sistèm eskretè a
- (3) sistèm eskeletik la
- (4) sistèm nève a

5 Ki de (2) sistèm ki fonksyone ansanm nan kò lapen pou l kab kouri devan yon rena?

- (1) sistèm dijestif ak sistèm andokrin
- (2) sistèm repwodiktif ak sistèm nève
- (3) sistèm miskilè ak sistèm eskeletik
- (4) sistèm eskretè ak sistèm respiratwa

6 Pwosesis ki fè sibstans nitritif nan manje ki dijere ale nan san an rele

- (1) absòpsyon
- (2) eliminasyon
- (3) respirasyon
- (4) sekresyon

7 Kwomozòm gen rapò ak nwayo menm jan DNA gen rapò ak

- (1) sitoplas
- (2) jèn
- (3) manbràn selilè
- (4) klowoplas

8 Nan repwodiksyon seksyèl, ki fraksyon jèn chak paran kontribiye nan pwojeniti a?

- (1)  $\frac{1}{4}$
- (2)  $\frac{1}{3}$
- (3)  $\frac{1}{2}$
- (4)  $\frac{3}{4}$


9 Pwal lapen “snowshoe” (yon espès lapen) konn chanje koulè pou l vin blan pandan sezon livè. Chanjman sa a se yon egzanp:

- (1) adaptasyon
- (2) konpetisyon
- (3) metamòfoz
- (4) metabolis

10 Selil repwodiksyon mal la rele

- (1) ze
- (2) ovè
- (3) espèmatozoyid
- (4) testikil yo


11 Dyagram ki anba a bay enfòmasyon sou dyoksid kabòn ak oksijèn ki nan atmosfè a.



Kouman yo rele pwosesis nan dyagram sa a ki pwodui oksijèn nan?

- |                |                  |
|----------------|------------------|
| (1) fotosentèz | (3) respirasyon  |
| (2) metamòfoz  | (4) fètilizasyon |

12 Desen ki anba a montre yon sèpantye k ap sèvi ak bèk long pwenti li a pou l kenbe ensèk.



Ki faktè ki ta kab fè espès sèpantye sa yo disparèt?

- (1) yon lòt sous manje
- (2) si ta vin gen twòp pyebwa
- (3) itilizasyon pestisid nan forè yo
- (4) yon ogmantasyon popilasyon ensèk yo

13 Ki sa k lakòz divizyon selilè pa fèt nòmalman?

- |                  |                 |
|------------------|-----------------|
| (1) maladi kansè | (3) enfeksyon   |
| (2) gwosès       | (4) disparisyon |


14 Ki pwosesis ki lakòz karakteristik yon espès pa menm?

- (1) repwodiksyon seksyèl
- (2) ekilib dinamik
- (3) respirasyon selilè
- (4) regilasyon entèn

15 Nan òganis milti-selilè yo, se divizyon selilè ki nesèsè pou kwasans ak:

- |                |                 |
|----------------|-----------------|
| (1) sikilasyon | (3) reparasyon  |
| (2) lokomosyon | (4) respirasyon |

Baze repons ou pou kesyon 16 jiska 19 sou dyagram ki anba a. Dyagram sa a prezante anpil òganis nan yon rezo alimantè.



(dyagram sa a pa alechèl)

16 Yon kalite òganis ki reprezante yon pwodikte nan rezo sa a se

- |           |                 |
|-----------|-----------------|
| (1) lapen | (3) pwason twit |
| (2) zèb   | (4) koulèv      |

17 Ki òganis ki resevwa enèji dirèkteman nan solèy pou kwasans ak devlopman li?

- |                |                |
|----------------|----------------|
| (1) cheni yo   | (3) krapo yo   |
| (2) malfini yo | (4) pye pwa yo |

18 Daprè rezo alimantè a, ki òganis ki èbivò?

- |              |                |
|--------------|----------------|
| (1) cheni yo | (3) malfini yo |
| (2) rena yo  | (4) koulèv yo  |

19 Ki òganis ki konplete rezo alimantè a kòrèkteman nan pwen A?

- |            |             |
|------------|-------------|
| (1) cheval | (3) bakteri |
| (2) sourit | (4) pyebwa  |

20 Ki pwosesis yo prezante nan dyagram ki anba a?



(dyagram sa a pa alechèl)

- |                       |                |
|-----------------------|----------------|
| (1) seleksyon natirèl | (3) metamòfoz  |
| (2) mitasyon          | (4) fotosentèz |


21 Grès se yon sibstans nitritif ki enpòtan paske

- (1) li bay enfòmasyon jenetik
- (2) li gen ladan enèji ki konsève
- (3) yo sèvi ak li nan fotosentèz
- (4) yo sèvi sipò pou konpasite zo yo

22 Ki faktè ki lakòz rechofman tè a?

- (1) ogmantasyon nan itilizasyon vwati elektrik
- (2) ensandi konbistib fosil ki ogmante
- (3) pi bon previzyon metewolojik ki alontèm
- (4) chanjman nan distans ant latè ak solèy la

23 Dyagram anba a prezante yon pati nan sistèm solè a menm jan moun wè l nan lespas.



(dyagram sa a pa alechèl)

Pou ki planèt yo *pa byen reprezante* sifas ki klere a?

- (1) Lalin
- (2) Mèki
- (3) Venis
- (4) Latè

24 Dyagram ki anba a prezante echantiyon yon wòch ak yon lejann idantifikasyon.



Echantiyon wòch la


Nou ta kab rele echantiyon wòch

- (1) wòch vòlkanik
- (2) wòch sedimantè
- (3) wòch metamòfik
- (4) wòch dife

25 Oseyan, glasye, lak ak rivyè yo fè pati

- (1) atmosfè latè
- (2) emisfè latè
- (3) idwosfè latè
- (4) litosfè latè

26 Dyagram ki anba a prezante sik dlo a:



Ki lèt ki reprezante pwosesis evaporasyon an?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

27 Yo rekonèt se kouran konveksyon nan manto latè ki lakòz genyen

- (1) kouran oseyanik yo
- (2) mouvman plak kwout latè yo
- (3) chanjman klimatik
- (4) rechofman iregilye sifas latè


28 Nan ki pwosesis vapè dlo tounen dlo likid?

- (1) disolisyon
- (2) fizyon
- (3) evaporasyon
- (4) condansasyon

29 Moun ki fè eski yo konn mete linèt solèy lè y ap pratike eski paske lanèj

- (1) iradye limyè
- (2) absòbe limyè
- (3) se yon kondiktè limyè
- (4) reflekte limyè


30 Yon elèv te fè desen ki anba yo pou li montre kouman li te wè lalin nan pandan li sou latè pandan yon peryòd de (2) semenn.



Sa ki sitou lakòz diferans ki prezante nan desen elèv la se chanjman


- (1) distans ant latè ak lalin
- (2) vitès lalin nan òbit li
- (3) pozisyon lalin nan òbit li
- (4) pozisyon obsèvatè a sou latè

31 Nan ki dyagram yo byen klase lejann kouch latè yo?




(dyagram sa a pa alechèl)

(1)




(dyagram sa a pa alechèl)

(3)



(dyagram sa a pa alechèl)

(2)




(dyagram sa a pa alechèl)

(4)



32 Nan kat jeyograf sa a yo montre tout vrè kote kèk kontinan te ye sou latè nan tan lontan.



Ki prèv ki pi byen sipòte lide ki fè konnen se yon sèl fwa mas tè ki sou latè te nan pozisyon sa yo?

- (1) Amerik Dinò ak Lèzenn gen chèn mòn ki an relasyon.
- (2) Madagaska ak Lèzenn gen estrikti ki sanble.
- (3) Yo kapab jwenn kouch wòch nan Lafrik ak nan Amerik Disid ki sanble.
- (4) Gen mak glasye nan soubasman ki nan Lostrali ak nan Gwoyennlann yo.

33 Tablo ki anba konpare twa (3) kalite wòch. Premye kolòn nan prezante klasman wòch yo. Ki tit ki dekri pi byen enfòmasyon ki nan dezyèm kolòn nan?


Klasman wòch yo	???
Dife	fizyon ak solidifikasyon magma
Sedimantè	pwosesis mekanik, pwosesis chimik osnon pwosesis òganik
Metamòfik	chalè ak/osnon presyon

- (1) Mineral ki nan wòch yo
- (2) Pwosesis fòmasyon wòch yo
- (3) Valè wòch yo genyen
- (4) Tan wòch yo pran pou yo fòme

34 Sa ki lakòz prensipal kondisyon atmosferik latè se

- (1) mouvman plak kwout ki sou latè
- (2) atraksyon gravitasyonèl lalin nan
- (3) rechofman iregilye sifas latè
- (4) chanjman nan distans ki gen ant latè ak lalin


35 Graf sa a prezante solibilite de (2) konpoze chimik diferan.



Parapò ak silfat kuiv la, apeprè konbyen gram bwomi potasyòm anplis ki pou ta fonn a 90°C?

- (1) 20
- (2) 40
- (3) 60
- (4) 80

36 Dyagram ki anba a prezante yon charèt ki estasyonè sou yon sifas ki lis atè a. Yo vle aplike sou charèt la de (2) fòs opoze ki pa egal.



Si yo aplike fòs opoze ki pa egal yo an menmtan sou charèt la, ki sa k ap pase?

- (1) Charèt ap deplase agòch.
- (2) Charèt la ap deplase adwat.
- (3) Charèt la ap deplase agòch epi l ap deplase adwat.
- (4) Charèt la ap rete anplas.


37 Men yon lis kèk sibstans òdinè ak fòmil chimik yo mete nan tablo ki anba a.

Sibstans	Fòmil
Asid kabonik	H <sub>2</sub> CO <sub>3</sub>
Oksijèn	O <sub>2</sub>
Asid kloridrik	HCl
Dyoksid kabòn	CO <sub>2</sub>
Dlo	H <sub>2</sub> O
Elyòm	He

Kilès nan sibstans sa yo ki se eleman?

- (1) asid kloridrik ak asid kabonik
- (2) dyoksid kabòn ak dlo
- (3) oksijèn ak elyòm
- (4) dlo ak oksijèn

38 Dyagram ki anba a prezante latè menm jan li ye nan lesplas. Lèt A jiska lèt D reprezante pozisyon yo sou sifas latè.




Lè latè nan pozisyon sa a, ki kote k ap gen plis èdtan limyè solèy la pandan lajounen?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

39 Yon sibstans pran eta solid a -38°C epi li vin likid apre l fin chofo a 356°C. Nan ki tanperati sibstans sa a ta tounen nan eta likid li?

- (1) -100°C
- (2) -50°C
- (3) 80°C
- (4) 375°C


40 Dyagram ki anba a montre etap ki nesèsè pou pwodui enèji yon sechwa cheve bezwen pou l mache.



Lè li sòti nan pwen A pou l ale nan pwen D nan dyagram nan, enèji ki konsève nan chabon an

- |  |               |
|--|---------------|
| (1) konvèti an enèji solè              | (3) resikle   |
| (2) diminye fwotman nan sechwa cheve a | (4) transfòme |


41 Kat jeyograf ki anba a prezante kèk karakteristik jeyolojik ki tou pre kot wès Etazini.



Flèch ki sou chak bò fay la reprezante

- (1) eripsyon vòlkanik
- (2) fòmasyon wòch
- (3) mouvman relatif mas lè
- (4) mouvman relatif plak tektonik

42 Dyagram ki anba a montre yon egzanp fòm chanjman enèji.




(dyagram sa a pa alechèl)

Ki chanjman ki fèt nan fòm enèji a ki prezante nan dyagram lan?

- |                                       |                                       |
|---------------------------------------|---------------------------------------|
| (1) elektrik → son → limyè ak mekanik | (3) mekanik → limyè → son ak elektrik |
| (2) son → mekanik → limyè ak elektrik | (4) limyè → elektrik → mekanik ak son |

43 Dyagram ki anba a montre kèk fason moun kapab kontamine dlo ki anba latè.



(dyagram sa a pa alechèl)

Ki ipotèz dyagram nan sipòte pi byen?

- (1) Pwodui chimik kiltivatè yo mete nan latè diminye nivo polisyon nan zafè bwè dlo.
- (2) Dlo moun ap bwè kapab polye nan sous yo pa prevwa k ap fòme.
- (3) Aktivite moun ap fè yo pa kontamine dlo anba tè a.
- (4) Dechè toksik yo pa danjere si yo anba nivo fondasyon ki tou pre kay yo.


44 Dyagram ki anba a fè yon prezantasyon komik sou lwa mouvman.



Kilès nan repons yo ki rezime pi byen konsèp syantifik ki nan dyagram nan?

- (1) Yon kò k ap tonbe deplase ak yon vitès ki pa konstan.
- (2) Mouvman yon objè toujou ap chanje akòz fòs mayetik yo.
- (3) Fòs fwotman lakòz yon objè ki an mouvman deplase pi vit.
- (4) Yon kò ki an mouvman ap rete an mouvman sòf si yon fòs eksteryè ta ajè sou li.

45 Graf an sèk ki anba a konpare kantite enèji yo pran nan diferan sous ki itilize chak ane o Zetazini:



Ki de (2) sous enèji ki reprezante ansanm plis pase 50% bezwen an enèji o Zetazini?

- (1) enèji nikleyè ak gaz natirèl
- (2) enèji idwo-elektrik ak petwòl
- (3) petwòl ak chabon
- (4) gaz natirèl ak chabon

## Dezyèm pati

*Esplikasyon (46–70):* Make repons ou yo nan espas ki rezève pou sa nan ti liv egzamen an.

**46** Yon elèv al fè patinaj plizyè fwa pa semenn. Elèv sa a remake li kapab ale pi vit pandan l ap patinen sou kèk nivo sifas pase sou lòt yo. Li fè ipotèz gen yon fenomèn ki anrapò ak sifas la lè li patinen sou li. Elèv la vle fè yon eksperyans pou l teste ipotèz sa a.

*a* Idantifye varyab endepandan (ou kapab manipile li) ki nan eksperyans lan. [1]

---

*b* Idantifye varyab depandan (ou pa kapab manipile li) nan eksperyans lan. [1]





---

*c* Idantifye *de* (2) faktè k ap nesesè pou rete konstan nan eksperyans lan. [2]

(1) \_\_\_\_\_


(2) \_\_\_\_\_

47 Dyagram ki nan premye kolòn tablo ki anba a prezante diferan fòm repwodiksyon. Nan dezyèm kolòn nan, mete yon ti sèk nan fòm repwodiksyon (seksyèl osnon aseksyèl) chak dyagram reprezante. [2]

	<p>Aseksyèl</p> <p>Seksyèl</p>
	<p>Aseksyèl</p> <p>Seksyèl</p>
	<p>Aseksyèl</p> <p>Seksyèl</p>
	<p>Aseksyèl</p> <p>Seksyèl</p>

(dyagram sa a pa alechèl)

Baze repons ou pou kesyon 48 jiska 50 sou kare “Punnett” ki anba a. Kare sa a montre yon kwazman ant de (2) pye pwa ki wo (Tt X TT).



48 Ki pousantaj pwojeniti k ap grandi? [1] \_\_\_\_\_

49 Daprè kare “Punnett” la, ki pwobabilite ki genyen pou yon pwojeniti ta eritye de (2) jèn dominan?

(Mete repons ou sou fòm fraksyon osnon sou fòm pousantaj.) [1] \_\_\_\_\_

50 Esplike pou kisa paran ak plant wo, menm si jèn yo gen nan wotè yo a pa egzakteman menm. [1]

---



---




---



---



Baze repons ou pou kesyon 51 ak 52 a sou dyagram ki anba a. Dyagram sa a prezante yon òganis ki nan yon moun ak yon òganis ki nan yon plant.



(dyagram sa a pa alechèl)

51 Chwazi *yon* estrikti ki klase nan òganis moun ki anwo a epi esplike ki wòl li jwe nan fonksyon sistèm moun. [1]

Estrikti òganis moun nan: \_\_\_\_\_

Esplikasyon: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


52 Chwazi *yon* estrikti ki klase nan òganis plant ki anwo a epi esplike ki wòl li jwe nan fonksyon òganis lan. [1]

Estrikti òganis plant lan: \_\_\_\_\_

Esplikasyon: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

53 Dyagram ki anba a prezante yon fèy jeranyòm ki gen yon pati ladan yo te kouvri pandan twa (3) jou avèk papye nwa.



Lè yo retire papye nwa a, pati fèy ki te kouvri avèk papye a vin blan. Lè yo fè tès pou verifye si gen sik nan pati blan fèy la, rezilta a negatif epi menm rezilta tès sa a pozitif pou pati vèt la. Esplike pou kisa rezilta tès sik la pa menm pou pati blan ak pati vèt fèy la. [2]


---

---


---

---


54 Dyagram ki anba a prezante anvan yon ti boul an metal solid ak yon bag, epi aprè yo chofe ti boul an metal la. Anvan yo te chofe ti boul an metal la, li te kapab pase fasilman andedan bag la. Apre yo fin chofe ti boul an metal la, li *pa* t kapab pase andedan bag la.



Anvan chofaj ti boul an metal la



Chofaj ti boul an metal la



Apre chofaj ti boul an metal la

a Ki prèv ki montre te gen yon chanjman fizik nan ti boul an metal la? [2]

---



---

b Esplike pou kisa chofaj ti boul an metal la lakòz chanjman fizik sa a? [1]

---




---

c Esplike pou kisa prèv sa a *pa* prèv yon chanjman chimik. [1]

---

Baze repons ou pou kesyon 55 ak 56 la sou dyagram ki anba a. Dyagram sa a montre fòs relatif fòs gravitasyonèl pou planèt ki gen mas diferan. Gwosè chak planèt reprezante mas relatif planèt la. Longè liy vètikal la endike kantite relatif fòs gravitasyonèl chak planèt ta kab egzèse sou yon astwonot ki nan lespas.

### Fòs relatif fòs gravitasyonèl pou planèt ki gen mas diferan



55 Ki relasyon ki genyen ant mas planèt yo ak fòs relatif fòs gravitasyonèl yo? [1]

---



---



---






---

56 Ki twa (3) planèt yo montre ki gen *mwens* fòs gravitasyonèl pase latè? [1]


- (1) \_\_\_\_\_
- (2) \_\_\_\_\_
- (3) \_\_\_\_\_

57 Desen ki nan premye ranje tablo ki anba a reprezante dlo nan twa (3) faz li (solid, likid, epi gaze) nan resipyan ki ouvè. Ranpli tablo sa a avèk repons ki koresponn ak desen ki nan kòmansman chak kolòn, epi ak kesyon ki nan chak ranje. Asire ou mete yo repons nan chak espas vid. [3]

 <p style="text-align: center;">solid</p>	 <p style="text-align: center;">likid</p>	 <p style="text-align: center;">gaze</p>	
<p>Èske yo presize yon fòm pou faz matyè sa a? Ekri <b>wi</b> osnon <b>non</b> nan chak espas.</p>			
<p>Èske yo presize yon volim pou faz matyè sa a? Ekri <b>wi</b> osnon <b>non</b> nan chak espas.</p>			
<p>Kouman faz sa yo klase nan lòd vitès relatif patikil yo? Klase yo nan lòd <b>premye, dezyèm, twazyèm</b>. Premye agaze dwe genyen patikil ki pi lan an epi twazyèm nan dwe genyen patikil ki pi rapid la.</p>			

Baze repons ou pou kesyon 58 jiska 61 sou dyagram ak enfòmasyon ki anba a.

Yon elèv te fè yon balon fize. Li sèvi ak yon balon gonfle, yon pay yon mòso fil long, de (2) poto, epi kèk mòso adeziv. Li te sanble anpil ak dyagram ki anba a.



58 Nan dyagram ki anwo a, desine epi klase liy yo pou montre mouvman lè a ak mouvman balon gonfle a ta kapab fè lè elèv la lage balon gonfle a. [2]

59 Pou kisa yo endike se pozisyon kòmansman an ki enpòtan pou sizoka elèv la ta vle kalkile vitès mwayèn balon an? [1]

---



---



---

60 Kouman yon pyès monnen yo kole sou balon an ak adeziv (mete mas anplis) ta afekte tout mouvman balon an? [1]

---



---



---

61 Si fisèl la te long anpil, ki sa k ta kapab pase nan mouvman balon an? Esplike pou kisa? [2]

---




---



---

Baze repons pou kesyon 62 jiska 64 sou graf ki anba a. Graf sa a montre tanperati mwayèn ki obsève pa an sou latè depi ane 1900 pou rive nan ane 1990.



62 Dekri ki sa k te pase nan tanperati mwayèn pa an sou latè depi 1970 jiska 1990. Bay *yon* rezon posib ki esplike pou kisa te gen chanjman sa a. [2]

---



---



---



---



---



---



---

63 Ki tanperati mwayèn pa an ki te *pi ba* nan peryòd tan yo montre nan graf la? [1]

\_\_\_\_\_ °F


64 Nan ki entèval 10 ane tanperati mwayèn pa an te ogmante epi te diminye? [1]

Fè yon ti sèk nan repons ki bon an:      1915–1925      1925–1935      1945–1955      1975–1985

---

Baze repons ou pou kesyon 65 ak 66 la sou enfòmasyon ak dyagram ki anba a.

Yon elèv te fè eksperyans ki anwo a pou l aprann kouman plant yo grandi. Elèv la te mete diferan kantite dlo nan kat (4) resipyan ki gen menm kapasite, chak resipyan gen kat (4) grenn nan  $100 \text{ cm}^3$  (santimèt kib) tè. Yo te mete tout resipyan yo nan solèy menm kote.



65 Endike yon ipotèz ki teste nan eksperyans sa a. [1]

---

---

66 a Idantifye yon varyab ki pa t chanje nan eksperyans sa a. [1]

---

b Esplike pou kisa varyab sa a pa dwe chanje. [1]

---

---

---



Baze repons ou pou kesyon 67 jiska 70 sou enfòmasyon ak tablo ki anba a.


Tablo ki anba a prezante tanperati yo obsève chak minit pandan yo t ap chofe yon sibstans san tanperati chalè pa chanje. Sibstans lan te solid anvan yo chofe li epi li tounen yon likid cho apre 7 minit chofaj.

Tan (minit)	Tanperati (°C)
0	22
1	35
2	53
3	53
4	53
5	53
6	58
7	65

67 Trase yon graf an liy sou kadriyaj yo bay pou sa a:

a Sèvi ak yon **X** pou mete tanperati a chak fwa li prezante nan tablo a. [2]

b Konekte **X** yo ak yon liy solid. [1]



68 Daprè tablo done a, nan ki tanperati chanjman faz la te obsève? [1]

Fè yon ti sèk nan repons ki bon an:      35°C      53°C      58°C      65°C

69 Èske sibstans lan te absòbe osnon te pwodui enèji pandan chanjman faz la t ap fèt de eta solid pou l vin nan eta likid li? [1]

Fè yon ti sèk nan repons ki bon an:      absòbe      pwodui

70 Ki pi bon tit yo ta kab bay graf sa a? [1]





**For Teacher Use Only**  
**Part II Credits**

<b>Question</b>	<b>Max Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
46	4	
47	2	
48	1	
49	1	
50	1	
51	1	
52	1	
53	2	
54	4	
55	1	
56	1	
57	3	
58	2	
59	1	
60	1	
61	2	
62	2	
63	1	
64	1	
65	1	
66	2	
67	3	
68	1	
69	1	
70	1	
<b>Total</b>	<b>41</b>	